# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

CIVIC ACTION TEAMS

अंक #३१

१९।२।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।



सुनसान भक्तपुर दरबार स्क्वायरमा डियुटीमा खटिएका प्रहरी

तस्बिर: AP




## कोरोना संक्रमण रोकथामके लेल आर्थिक वर्ष २०७७/७८ के बजेटके प्राथमिकता

कोरोना संक्रमण नियन्त्रण तथा उपचारके लेल तत्काल जरुरत पर सकवला दवाई, उपकरण तथा उपचारके सामानके कमी नै होबदेब

**रु. ६ अर्ब**

कोरोना लगाएत आरो संक्रामक रोग विरुद्ध काज करहल सब स्वास्थ्यकर्मीके

**रु. ५ लाख**

तकके नि:शुल्क स्वास्थ्य बीमा

काठमाण्डौ उपत्यकामे ३०० शैयाके सुविधा सम्पन्न सरुवा रोग अस्पताल आ प्रदेश राजधानीके सरकारी अस्पतालमे आरो २५० शैया आईसियू वेड आ सब प्रदेश राजधानीमे ५० शैयाके सरुवा रोग अस्पताल सञ्चालन हेतै आ अईके लेल

**रु. १२ अर्ब ४६ करोड**

सब स्थानीय तहमे ५ सँ १५ शैया तकके आधारभूत अस्पताल स्थापना कर आरो २७२ अस्पताल स्थापना करला

**रु. १४ अर्ब २७ करोड**

थानीय तहमे एक चिकित्सक एक स्वास्थ्य संस्था स्थापना करला

**रु. ५ अर्ब १० करोड**

स्वास्थ्य बीमा कार्यक्रमके लेल

**रु. ७ अर्ब ५० करोड**

स्रोत: https://mof.gov.np/

# हल्ला र तथ्य



बजेट भाषणमे सरकार सबके कोरोना बीमा नि:शुल्क कएदेब कहलक कहादन ।

अस्थायी आ करार लगाएत सब सरकारी कर्मचारीके रु. १ लाख तक कारोना बीमा सरकार नि:शुल्क कएदेत । दोसर आदमीके हकमे एक लाख तकके सामुहिक कोरोना बीमा करमे लागबला वार्षिक शुल्कमे सरकार ५० प्रतिशत अनुदान देब कहने अछि ।

स्रोत: https://mof.gov.np/



सरकारद्वारा किसानके खेती कर जमिन देव कहैत अछि । कनि प्रष्ट नै भेल ।

कोभिड - १९ के कारण शहरसँ गाम फिर्ता आयल आ वैदेशिक रोजगारीसँ फिर्ता आयल नौजवानसभके कृषिके काज कर चाहलापर ओईके लेल जमिनके सुनिश्चितता कर ३०० स्थानीय तहमे भूमि बैंक स्थापना करके सरकारके योजना छै । भूमि बैंकद्वारा जमिन मालिकसँ लिजमे लेल जमिन, सरकारी स्वामित्वके उपयोगमे नै रहल जमिन आ नदी नियन्त्रणसँ निकलल जमिन कृषि काजके लेल उपयोग कर चाहवला आदमी तथा संस्थाके निश्चित समयके लेल लिजमे उपलब्ध करायत । तेहन आदमी तथा संस्थाके प्रोत्साहन कर खेती करवला सामान सरकार सहुलियतमे देत ।

स्रोत: https://mof.gov.np/



कर्णाली प्रदेश सरकारद्वारा सेना परिचालनके लेल संघीय सरकारसँ अनुमति मांगलक से खबर अछि । खास कि प्रयोजनके लेल अनुमति मांगल गेल अछि ?

कर्णाली प्रदेश सरकारके मिति २०७७ जेठ १२ गते वैसल मन्त्रीपरिषद्के वैठकद्वारा सेना परिचालनके लेल संघीय सरकार सँ आग्रह करके निर्णय कएलक अछि । भारतसँ बेसी संख्यामे नेपालीसभ नेपाल फिर्ता आबके क्रम जारी रहल आ कर्णाली प्रदेशमे अई काजसँ आरो त्रास बढेलक कहैत नेपाल प्रहरी आ सशस्त्र प्रहरी सुरक्षा सम्बन्धी आरो काजमे खट परलाके कारण महामारीसँ प्रभावित आ संक्रमित नागरिकके उद्धार तथा क्वारेन्टाइन व्यवस्थापनमे समस्या हेतै से देखेलाके कारण सँ अई काजके लेल नेपाली सेना समेत परिचालन करपरवला स्थितीमे तै के लेल संघीय सरकारसं आग्रह करके निर्णय करलक अछि ।

स्रोत: https://www.facebook.com/621900758267859/posts/966519120472686/



सरकारद्वारा वैकल्पिक शिक्षाके अवधारणा त अनलक । प्रविधिके पहुँच नै भेलहाके ई कार्यक्रममे केना समावेश करके योजना छै ?

सब तरहके प्रविधिके पहुँच सँ बाहर रहल विद्यार्थीके सन्दर्भमे संघिय सरकारसँ स्वअध्ययन सामानके प्रिन्ट तयार कळक वेवसाईटमे राखब आ प्रदेश या स्थानीय तहद्वारा उक्त सामान छपाई कळ वर्कसीट बनाक विद्यालयके वितरण करत । तेकरबाद विद्यालयसँ तोकलगेल गुरु या स्वयंसेवक मार्फत बेसीमे आठ सँ दश कोईतकके समुहमे राखल जा सके तै अनुसार स्थानीय स्तरके सिखाई केन्द्र या विद्यालयमे भौतिक दुरी कायम कळक श्रव्यदृश्य प्रविधि मार्फत सिखाब सहजिकरण कर्तै कहि वैकल्पिक प्रणालीसँ विद्यार्थीके सिखाई सहजिकरण कर सम्बन्धी निर्देशिकामे उल्लेख कएलगेल अछि ।

स्रोत: https://edupatra.com/

## सूचनाका स्रोतहरू

नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय कोरोना भाईरस रोग (COVID – 19) सम्बन्धी स्वास्थ्य क्षेत्रको प्रतिकाय

जोन्स् होपकिन्स् कोरोना भाइरस स्रोत केन्द्र

स्वास्थ्य र जनसंख्या मन्त्रालय

कोरोना कोष सञ्चालन निर्देशिका, २०७६

कोभिड(१९ को अवस्थाअ

कृषि तथा पशुपंछी विकास मन्त्रालय

नेपाल श्रम शक्ति सर्वेक्षण

सुरक्षित हुन के गर्ने

प्रधानमन्त्री तथा मन्त्रीपरिषदको कार्यालय



accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्मा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५,००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| ५,२६१ संक्रमित | २७,७६२ संक्रमित | ११,८०४ संक्रमित | ५८,४३३ संक्रमित | ३४,५५८ संक्रमित | १२,२२३ संक्रमित | ७,८५७ संक्रमित | ११,५०३ संक्रमित |
| १३६४ नेपाली संक्रमित | ६५० नेपाली संक्रमित | ३११ नेपाली संक्रमित | ६,९११ नेपाली संक्रमित | १६०० नेपाली संक्रमित | | ८१ नेपाली संक्रमित | |
| ८ मृत्यु भएका नेपाली | २ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | १९ मृत्यु भएका नेपाली | | | |




स्रोत: https://who.sprinklr.com/
https://coronavirus.jhu.edu/
https://publications.iom.int/

**ShramikSanjal**

नेपाल सरकारद्वारा अन्ततः विदेशमे रहल नेपालीसभके अपन देश आबदेवके निर्णय कएलक अछि आ “नेपाल आबवला नागरिकके लाभ सम्बन्धी आदेश - २०७७” सेहो जारी कएलक अछि ।

केहन आदमीसभ नेपाल आब सकैय ?

१. सम्बन्धित देशमे बहुतो कारणसँ सजाय पाबिक माफी पाचुकल आदमीसभ

२. नेपाल आब अनुमति प्राप्त भेल आदमीसभ

३. जे कोनो कारण सँ बहिर्गमन राहदानी पाओल आदमीसभ

४. अपन लोकके मृत्यु भऌ काजक्रियाके लेल नेपाल आब परवला अवस्थामे रहल आदमीसभ

५. श्रम करार अवधि खतम् भऌक रोजगारी गुमौने आदमीसभ

६. कोभिड-१९ बाहेक आरो कारणसँ स्वास्थ्यमे गम्भीर समस्या देखायल आदमीसभ

७. प्रसौती तथा गर्भवती जनानी, धियापुता, ज्येष्ठ नागरिकसभ तथा अपाËता भेलहा आदमीसभ

८. सरकारी सेवामे रहि तालीम या विदेशमे गेल आदमीसभ (जे नेपाल आब पाएल नै अछि)

९. पढाई पुरा भगेल आ कलेज वन्द भेलहा विद्यार्थीसभ

१०. पारिवारिक पुनर्मिलनके लेल विदेश गेल आ आब इच्छुक आदमीसभ

११. कम्पनीसँ अनिवार्य छुट्टीमे बैसल आदमीसभ

१२. अन्तर्राष्ट्रिय संघसंस्थामे कार्यरत रहिक नेपाल आब परवला अवस्थामे रहल आदमीसभ

१३. पर्यटक तथा व्यवसायिक राहदानीमे गेल नेपालीसभ

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी

## संघिय सरकार

**जम्मा**

तिन पटक गरेर नेपाल सरकार अर्थ मन्त्रालय मार्फत छुट्याईएको

**करिब १ अर्ब ४८ करोड**

कोरोना भाईरस जोखिम नियन्त्रण, रोकथाम तथा नियन्त्रण कोषमा जम्मा

**करिब २ अर्ब २६ करोड**

**दाता**

ए.डि.बि.
करिब ३० अर्ब ३३ करोड

विश्व बैंक
करिब ३ करोड ४८ लाख

आई.एम.एफ.
करिब १५ अर्ब ८८ करोड

युरोपियन युनियन
करिब ९ अर्ब ९४ करोड

**खर्च**

कोरोना भाईरस विरुद्धका गतिविधिमा नेपाल सरकारले गरेको खर्च स्वास्थ्य मन्त्रालयलाई निकासा

**करिब १ अर्ब ८ करोड**

रक्षा मन्त्रालय मार्फत कोरोना रोकथाम र नियन्त्रणका लागि चाहिने स्वास्थ्य उपकरण खरिदको लागि

**२ अर्ब ३४ करोड** निकासा

## प्रदेश सरकार

| प्रदेश | प्रदेश १ | प्रदेश २ | बागमती प्रदेश | गण्डकी प्रदेश | प्रदेश ५ | कर्णाली प्रदेश | सुदुरपश्चिम प्रदेश |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| जम्मा रकम | करिब २९.३ करोड | करिब ६१ करोड | करिब ४० करोड | करिब १५ करोड | करिब २३.६ करोड | करिब ५० करोड | करिब ४०.२ करोड |
| खर्च गरिएको रकम | करिब १७.८ करोड | करिब १७.७ करोड | करिब १२.३ करोड | करिब ९.२ करोड | करिब १३.६ करोड | करिब १३.२ करोड | करिब २०.१ करोड |

## छनौट गरिएका पालिका

| स्थानीय पालिका | जम्मा रकम | क्वारेनटाईन केन्द्र | क्वोन्टाईनमा बसेका व्यक्ति |
|---|---|---|---|
| नरैनपुर गाउँपालिका | रु ७६,००,००० | १६ | ७०० |
| खजुरा गाउँपालिका | रु १,०४,००,००० | २४ | ७४४ |
| नेपालगञ्ज उप-महानगरपालिका | रु ७५,८३,००० | १ | ३०८ |
| कोहलपुर नगरपालिका | रु ३,३३,५०,४०० | १५ | १९० |
| यशोधरा गाउँपालिका | रु ४०,३०,००० | ३५ | ७०० |
| कपिलवस्तु नगरपालिका | रु ७६,००,००० | ३८ | ३५० |
| महाराजगञ्ज नगरपालिका | रु १,२२,००,००० | ५० | ८५० |
| कृष्णनगर नगरपालिका | रु २,६६,००,००० | १९ | ६६६ |
| केचनाकवल गाउँपालिका | रु ५१,००,००० | ६ | ३१४ |

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी

## छानल गेल किछ पालिकामे, प्रति क्वारेनटाईनके लेल छुट्याओलगेल रकम आ ओत रहवलाके संख्या बीचके तुलना




नेपालके सन्दर्भमे कोरोना भाईरसके संक्रमण विशेष कलक किछ पालिकासभमे केन्द्रीत भेल देखाईत अछि । ३० मई, २०२० तक प्रदेश ५ आ प्रदेश १ के सबसँ बेसी कोरोना प्रभावित पालिकासभके छाईनक ई विश्लेषण कएलगेल अछि । समग्रमे सम्बन्धित जिल्लाके ई पालिकामे रहल क्वारेन्टाईनमे रहवलाके संख्या जम्मा संख्याके ५० प्रतिशत सँ बेसी छै ।

आरो पालिकाके तुलनामे, नरैनापुर, खजुरा, यशोधरा, कपिलवस्तु आ महाराजगञ्जके प्रति क्वारेन्टाई व्यवस्थापनके लेल छुट्याओलगेल औसत रकम एकदम कम छै । ई क्वारेन्टाईन केन्द्रसभमे भेल खर्च देखल जाय त सरकारद्वारा ओई क्षेत्रमे तुरुन्ते बजेटके दायरा बढाव परत से देखाई अछि । छानलगेल आरो दूटा पालिका नेपालगञ्ज आ केचनाकवल अछि । नेपालगञ्जमे एकटा मात्रे क्वारेन्टाईनके सुविधा अछि लेकिन, ओत ३०८ कोई रहिरहल अछि । ओत छुट्याओलगेल बजेट देखला सँ प्रति आदमी रु. २५,००० होईछ अछि । तहिना कलक केचनाकवलमे प्रति आदमी रु. १६,२४२ होईत अछि । यदि अई गतिमे संक्रमितके संख्या बढैत गेल तँ, ई पालिकासभमे जल्दिये रकम अभाव हेतै से देखाईअछि । क्वारेनटाईनमे रहवलाके संख्या बहुते भेलाके बावजुदो कोहलपुर, महाराजगञ्ज आ कृष्णनगर पालिकाके आर्थिक अवस्था किछ सुदृढ देखाईत अछि ।

हमरासभके उद्देश्य सरकारद्वारा कयलगेल बढिया काज आ छुट्याओलगेल बजेटके विषयमे सबके जानकारी होई आ तेकरबाद अई विषयमे नागरिक आ आरो सरोकारवालाके बीचमे बातचित भलक सरकारके पर्याप्त पृष्ठपोषण प्राप्त होई से अछि । एत प्रस्तुत विवरण पूर्ण नै छै । उपलब्ध माध्यमसँ संग्रह कलक राखलगेल अछि । आरो सही तथ्यांक संकलन कलक परिमार्जन करैत जायब । अईमे सबकोईके सहयोग कदेब लेल आग्रह करैत छी ।

# कोभिड - १९ के कारण विदेशमे फसलके सरकार एना उद्धार करहल अछि



विदेशसँ नेपालीके उद्धार कर दिनमे १० उडान



पहिल प्राथमिकतामे गर्भवती, प्रसौती आ आममाफी पाएलसभ



भारतसँ आबवला २० टा नाका




विमानस्थल आ नाकामे सिमकार्ड



विदेशसँ आबवलाके विमानस्थलसँ होल्डिङ सेन्टर होईत क्वारेन्टाइन होटल या स्थानीय तहद्वारा व्यवस्थापन कएलगेल सम्बन्धित क्वारेन्टाइनतकके यातायात खर्च आदमी स्वयंके कर परत ।



विदेशसँ शव लाबमे लागवला खर्च सम्बन्धित रोजगारदाता कम्पनीके देब परत



भारतसँ आबवलाके होल्डीङ सेन्टरके भाडा नेपाल सरकार देत



बेखर्चीके सुरक्षाकर्मी जेहन खाना खर्च देत (क्वारेन्टाईनमे रहवलाके प्रतिदिन प्रति आदमी १ सय ७५ रुपैयाँ देल जायत)



क्वारेन्टाईनके व्यवस्थापन पालिकासँ



मापदण्ड अनुसार १४ दिन क्वारेन्टाईनमे रहलाके बाद घर जायके व्यवस्था

# तत्काल सुरक्षित क्वारेन्टाईनके विस्तार कर आवश्यक अछि

## क्वारेन्टाईनमे रहल आदमीसभ




दू सप्ताह सँ सेहो कम अवधिमे क्वारेनटाईनमे रहल आदमीसभके संख्या लगभग ६ गुणासँ बढल अछि । किछे सप्ताहमे करिब एक लाख बेडके व्यवस्थापन करब चुनौतीपूर्ण काज छै । यदि ई गतिसँ निरन्तरता देल जाय तँ, आबवला सप्ताहसभमे सरकारके सुरक्षित क्वारेन्टाईन आ आईसोलेशन बेडके व्यवस्थापन करमे समस्या हेतै से देखाईत अछि । रिपोर्टसभसँ अई क्षेत्रके सुरक्षामे जिज्ञासा देखारहल अछि । बहुते क्वारेन्टाईनमे क्षमता सँ बेसी आदमीसभके राखलगेल छै, जै के कारणसँ सामाजिक दुरी कायम करनाई असम्भव जेना भेल छै । ई जगह सभ अस्त व्यस्त होबके आरो कारण स्वास्थ्य आ सरसफाईके कमजोर अवस्था सेहो छै । अई अवस्थामे क्वारेन्टाईनमे रहवलाके संख्या अप्रत्यासित रुपसँ बढ्लासँ अई जगहसभ कोरोनाके संक्रमण आ आरो रोग फैलके प्रमुख केन्द्रके रुपमे स्थापित होब सकैत अछि ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

एहि अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतरास संस्था तथा आदमी, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेब पेज, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स (समुदायमे आगु आबिक काज करवलासभ) आ सिभिक एक्सन टिम (नागरिक कार्य समूह) द्वारा अहि मई महिना भितर २००० सँ बेसी आदमीसंगेके बातचितसँ संकलन कएलगेल अछि । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दळक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ चयन कएलगेल अछि । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मितितक सत्य अछि ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs